

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Média komik digunakeun pikeun ngukur kamampuh nulis carita pondok nu di terapkeun dina pratés jeung postés (salaku “perlakuan”) nu dilaksanakeun ku siswa. Prosés panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén. Lian ti éta téknik ngolah data nu dipaké ngawengku uji sipat data (uji normalitas jeung uji homogénitas pikeun ngukur data normal-henteuna katut homogén-henteuna data pratés jeung postés), uji gain (ngukur béda data hasil analisis pratés jeung postés nu hasilnya nguji ngaronjat-henteuna “perlakuan” sabada postés, jeung uji hipotésis (ngukur éféktif-henteuna “perlakuan” dina hasil panalungtikan).

Panalungtikan dilaksanakeun di SMA Negeri 1 Kuningan kelas XI IPA 1 anu jumlah siswana nya éta 32 siswa. Dina lawungan kahiji dilaksanakeun pratés pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh ngagunakeun média komik. Lawungan kadua dilaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun média komik (postés) pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada ngagunakeun “perlakuan”.

Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 1 SMA Negeri 1 Kuningan saméméh dilaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun média komik nya éta can nyugemakeun, lantaran masih kénéh loba siswa anu can mampuh dina nulis carita pondok. Tina 32 siswa, ngan aya 19 siswa anu mampuh dina nulis carita pondok, sedengkeun sésana 13 siswa can mampuh dina nulis carita pondok. Kamampuh nulis carita siswa XI IPA SMA Negeri 1 Kuningan taun ajaran 2012/2013 saméméh ngagunakeun média komik téh dumasar kana rata-rata peunteun anu dicangkingna nya éta 67,1. Siswa anu dianggap can mampuh nulis carita pondok dina pratés téh nya éta aya 40,63%. Sabada ngagunakeun média komik, sakabéh siswa (100%) mampuh nulis carita pondok kalawan rata-rata peunteun 77,4.

Revi Pebriyanto, 2013

Éféktivitas Média Komik Pikeun Pangajaran Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA 1 SMA Negeri 1 Kuningan Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Aya tingkat kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 1 SMA Negeri 1 Kuningan taun ajaran 2012/2013 saméméh jeung sabada ngagunakeun média komik. Éta hal bisa katitén tina ayana béda antara hasil diajar siswa, boh tina rata-rata aspék anu dipeunteun, boh rata-rata peunteun. Saméméh ngagunakeun média komik, aya 40,63% siswa anu can mampuh nulis carita pondok. Anapon siswa anu geus mampuh nulis carita pondok kalawan katégori cukup téh aya 59,37%. Dina pratés, can aya siswa anu mampuh nyangking katégori alus. Sedengkeun dina postés, aya 18,75% siswa anu geus mampuh nulis carita pondok kalawan katégori alus, jeung 81,25% siswa séjénna geus mampuh nulis carita pondok kalawan katégori cukup.

Média komik éféktif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis carita pondok. Éta hal kabukti tina hasil uji hipotésis, kapanggih yén $t_{itung} > t_{tabel}$, nya éta $11,57 > 2,46$. Hartina, hipotésis ditarima dina taraf signifikasi 99%. Éta hal ngabuktikeun yén média komik éféktif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis carita pondok siswa kelas XI IPA SMA Negeri 1 Kuningan taun ajaran 2012/2013.

5.2 Saran

Sabada dilaksanakeun panalungtikan di SMA Negeri 1 Kuningan anu judulna “Éféktivitas Média Komik Pikeun Pangajaran Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA 1 SMA Negeri 1 Kuningan Taun Ajaran 2012/2013)”, aya sababaraha hal anu baris ditepikeun sangkan ieu panalungtikan bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis carita pondok, di antarana:

- 1) pikeun panalungtikan anu saterusna, dipiharep sangkan anu dijadikeun populasi leuwih lega wengkuanana, sangkan hasil panalungtikan bisa digeneralisasikeun;
- 2) guru kudu leuwih kréatif dina milih média pangajaran nu luyu jeung matéri anu baris ditepikeun, sangkan kamotonan diajar hususna dina pangajaran nulis bisa ngurangan. Patalina jeung ieu panalungtikan, hal di luhur téh bisa mangaruhan kana kamampuh nulis siswa;
- 3) dina nulis carita pondok, siswa kudu dirangsang heula pikiranana pikeun meunangkeun idé-idé saloba-lobana, lantaran sabada dilaksanakeun

Revi Pebriyanto, 2013

Éféktivitas Média Komik Pikeun Pangajaran Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA 1 SMA Negeri 1 Kuningan Taun Ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

panalungtikan di kelas XI IPA 1 SMA Negeri 1 Kuningan katitén siswa hésé nulis hiji carita pondok, anu alesanana bingung nanon anu kudu ditulisna atawa kakurangan idé;

- 4) dipiharep média komik bisa digunakeun ku guru mata pelajaran pikeun leuwih ngaronjatkeun kompetensi pangajaran séjénna.

